

Eksperyans

Ti Joel



Ti Joel nan plaj

“Ti koze sou **SOUNAMI**”



Jad-Aix Francis / Agilhorn@gmail.com



SEKRETARYA PÈMANAN
KAP JÈRE RISK AK DEZAS
KOMITE TEMATIK
EDIKASYON AK SANBILIZASYON
PUBLIK LA



Organisation
des Nations Unies
pour l'éducation,
la science et la culture











Ti Joel leve men l pou l poze on kesyon.



WI TI Joel
m ap koute w.



Mesye Dirèktè
w ap vin naje
ak nou tou ?

Klas la ri.



Ti Joel
atansyon !



Nou lakay matant Ti Joel ki chita ap tande nouvèl

*Yon sounami ravaje
plizyè vil ki chita bò lanmè
nan peyi Chili, apre gwo tranblemanntè 8,8
sou echèl Richtè ki te deja tye
plis pase 700 moun.*



**Ti Joel,
ou pa p
fè yon pa
!!!**








.Ki vle di ...
pa gen lekòl maten an ?
Sa k pase menm
matant ?



Se sa w ta renmen.
Nouvèl la fenk di
gen yon gwo tonton sounami
k ap mache tiye moun
ki rete bò lanmè. Kounya
li rive nan peyi Chili.



O matant,
ou pale de sounami an
tankou se te yon bèt.
Men, mwen pa kwè
sa pral kraze bèl pwogram
klas la.





Madam,
mwen gen yon kesyon !

Wi Ti Joel,
m ap tande w.



Eske si gen sounami
nan peyi Chili,
sa pral anpeche nou ale
nan lanmè a vandredi maten ?
Paske matant mwen
pa vle tande pale
de jounen sa ankò.

Se pa matant ou
sèlman Ti-Joel.
Depi nouvèl sa fin tonbe,
anpil paran gentan rele
pou mande direktè a
anile pwogram nan.




Men m pa kwè n ap oblije
rive jis la. Lè yo fin konprann kisa
sounami an ye, y ap mwens panike.
Bon, èske nou ka di m kisa
yon sounami ye ?

Elèv yo eseye esplike sa k sounami an.






sounami se yon bann gwo vag ki sòti nan fon lanmè
epi ki vin anvayi bodmè yo.




Madam, kisa ki lakoz
vag sa yo ?

Vag sa yo fèt
lè gen tranblemanntè,
deboulonnay tè,
glisman teren oswa
vòlkan nan lanmè !

Yon ti imaj pou n eksplike sa pi byen.



SOUNAMI



Wi Natali, vag sounami yo anvayi epi kraze tout sa yo jwenn sou wout yo. Pèsonn pa ka naje ni fè fòs ak vag sa yo.

Se tout kote nan peyi a ki ka pran sounami?



Non. Se sitou zòn ki pre lanmè. Men tout moun konsène, paske moun deplase al tout kote.



Pa bliye mwen
ta renmen wè tout
moun nan jounen lanmè a
vandredi maten .



Si granmoun yo
dakò?



Balon an nan pye nou.
Depi nou byen esplike yo
kisa sounami an ye,
y ap konprann.
Epi direksyon an
ap fè rès la.



Lekòl la lage



Ti Joel rantre lakay li avèk on sèl lide nan tèt li pou l konvenk matant li.



L ap eksplike matant la tou sa madam Mariz te di yo sou sounami nan klas la jodi a.



Vendredi matin, apre anpil sispens, timoun yo monte nan bis pou ale nan jounen an. Kamyon an ap koupe wout.







Si n wè tè a tranble fò anpil.
Si lanmè a rale kò l bridsoukou
oswa li fè yon gwo bri.

1



2




TRANBLEMANTE LANMÈ A FÈ BAK

Pa rete ap gade ni ranmase pwason.
Kouri ale kote ki pi wo ! Pa bliye :
nou pa gen pou nou ret tann 3 sly sa yo.
Depi sou premye a, chape poul nou !



Eske nou ka gen sounami
san tè a pa tranble ?







Lè tè a tranble fò anpil.
Si lanmè a fè bak oswa li fè gwo bri
Pa rete gade, kouri ale kote ki pi wo.



Timoun yo ap chante siy yo nan bis la.

Yon ti tan apre.

*Nou bò lanmè a, pwogram nan ap dewoule san pwoblèm.
Ti Joel remake zanmi li Fanfan chita pou kont li. Li pa vle benyen...*



Fanfan,
ou ba nou vag.
Ou pa vin jwe, ni benyen
ak nou. Sa w genyen ?

M ap kontwole lanmè a.
Paske prekosyon pa kapon.
Madam nan te di se bò lanmè
sounami an ap vini.





*Kidonk m ap veye anwo,
ma p veye anba.*



*ha! Ha! ki koze sa a Fanfan?
W ap veye anwo ak anba.*




*ou pa konnen li ka monte
pi wo pase tèt ou?*



Zanmi m, pa panike poze. Sa ki pi enpòtan an, nou gen enfòmasyon.

Otorite lokal yo ak patnè nou lòt bò dlo ap ede nou pran bon jan mezi pou n pwoteje tèt nou.



Wi men lè l ap rive sou nou la a, pèsonn p ap ka fè anyen menm pou nou .







E nou sonje tou madam Mariz te di nou pa bliye prepare yon kit dijans lakay nou. Mete ladan : medikaman, dlo trete, flach, balèn elatriye. Pa bliye yon ti radyo ak pil pou nou ka swiv mesaj, konsiy otorite yo ak pwoteksyon sivil ap bay. Konsa, nou p ap nan kouri lè malè a rive.



Mwen p ap pran chans mwen menm. Ou gen lè bliye si vag sa yo ka anvayi epi kraze

tout sa yo jwenn sou wout yo. Pèsonn pa ka naje ni fè fòs ak vag sa yo.






Timoun yo ap pwofite plezi lanmè a.



Kòm yo di pandan sounami lanmè a monte oubyen li fè bak, mwen pa bezwen wè, pwason fè mikalaw.

Mwen t ap bwote yo pa pil e pa pakèt. Mwen t ap manje pwason jis mwen ayik.





Pandan sounami an, nou t ap pran pwason yo?



Non Madam, jwe n ap jwe.
kote nou t ap gen tan.
Menm kouri mwen
pa t ap gen tan kouri.



Pandan yon sounami
li enptòtan pou n pa panike.
Ou sonje sa madam nan te di ?





Moun ki abite nan zòn
bò lanmè dwe konnen
si gen tranblemanntè
li posib pou gen sounami.
Yo pa dwe rete chita
apre yon tranblemanntè.



Dayè, se pou yo montre yo
solidè youn ak lòt
nan avèti moun k ap viv
ak yo nan kominote a
ak nan vwazinaj yo
pral gen sounami.

Epi fòk yo pote konkou
yo bay moun ki bezwen èd.





Mwen byen kontan.
Kounya tout bagay fini,
prepare nou pou nou rantre.
Nou wè nou pa gen rezon
pou n pè lanmè a.



*Madam apre yon sounami
tout bagay fini?*



Non ti Joel, tout bagay pa fini,
apre yon sounami.



Rete kote ou te abrite w la
epi tann mesaj otorite yo
ak pwoteksyon sivil anvan ou deplase.
Asire tout moun nan fanmi w ou ki bò kote w.


*Toujou swiv konsiy otorite yo ak pwoteksyon sivil.
Pa bliye sounami an se pa yon sèl vag,
se plizyè yo ye. Toujou rete veyatif.*



*kidonk Madam,
si n fè tout sa w di yo
anvan oubyen pandan ak apre
yon sounami,
nou pa bezwen pè anyen?*









*Si pa gen lòt posibilite,
monte yon pye
bwa oswa sou do yon kay ki wo.
Pote konkou bay moun ki bezwen èd.*



*Bravo timoun
Pa bliye fè mesaj la pase
bay tout moun nou konnen.*



*Ti Joel rantre lakay li. L ap esplike
matan li jan jounen lanmè a
te pase epi sa li aprann an plis sou sounami.*



Matant lan kontan anpil, li remèsye li.



Keksyon

1- Kisa yon sounami ye ?

Rep:

2- ki sa k lakòz vag sa yo ?

Rep:

3- Eske vag yo ka touye moun ?

Rep:

4- Bay twa (3) siy ki ka montre w pral gen sounami ?

Rep:

5- Eske yon sounami ka vini san nou pa wè siy sa yo ?

Rep:

6- Kisa pou n fè pandan yon sounami ?

Rep:



Repons

- 1- Sou n'ami an se yo n'banngwovagki sòti
nan fon lanmè epiki vin anvayi bodmè ya.
- 2- Vag sa yo fèt le gen tranblemante
debo ukonay t'è oswa volkan nan lanmè.
- 3- Fòs vag sa ka touye mou n, anvayi epikraze
tout salijwenn sou wout li
Pèson n pa ka naje ni fè fòs ak vag sa yo.
- 4- Premyèsiy nan se lè t'è a tranblefò anpil
Dezyèm nan si lanmè a rale kòl
bridso ukou oswa li fè yon gwo bri.
- 5- Yon sounami ka sòti byen lwen
san ou pa wè silya lè sa a,
otòrite ap anonse si pral gen sounami
- 6- Rete tèt fèt, ale yon kote ki wo, toujou tande
radyopou swiv mesaj ak konsiyotòrite yo
ak pwoteksyon sivil.



SEKREYARYA PÈMANAN
K AP JERE RISK AK DEZAS
KOMITE TENATIK
SERKASYON AK SANBLIZASYON
PBLIK LA



Organisation
des Nations Unies
pour l'éducation,
la science et la culture

**SONJE BYEN,
NOU DWE TOUJOU RETE VEYATIF
PASKE SOUNAMI KA RIVE NENPÒT KILÈ.**

**LÈ TÈ A TRANBLE FÒ ANPIL KA GEN SOUNAMI,
SI LANMÈ A RALE KÒ L BRIDSOUKOU,
PA RETE BÒ LANMÈ, PA RETE AP GADE NI RANMASE PWASON.
KOURI ALE KOTE KI PI WO !**

